



Pou Piblikasyon Imedya: 24/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ACHÈVMAN SANT NATIRÈL STERLING AK BILDING EDIKASYON SOU REZILYANS KI KOUTE 3.2 MILYON DOLA, KONTE CAYUGA**

*Nouvo sant lan ap ogmante sansibilizasyon sou klima ak opòtinite edikasyon*

*Li fè pati Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik 300 milyon dola Eta New York la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman Sant Natirèl Sterling ak Bilding Edikasyon sou Rezilyans lan. Yo te bay Konte Cayuga 3.2 milyon dola finansman atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik \(Resiliency and Economic Development Initiative, REDI\)](#) Eta New York la pou konplete pwojè a. Sant Nati Sterling lan, ki sitiye a twa kilomèt ak rivaj Lak Ontario a, se yon zòn rezèv ak prezèvasyon lanati piblik ke Konte Cayuga posede epi dirije ki anglobe plis pase 567 ekta (1,400) teren nan vil Sterling. Sant entèpretasyon ki fèk konstui a ap bay edikasyon sou rezistans klimatik, amelyorasyon touris, epi fè pwomosyon edikasyon anviwònmanal nan rejyon an.

"Chanjman klimatik la se yon reyalite nou pa ka oze inyore e New York ap abòde defi a tèt pou tèt. Nan kad efò sa yo, n ap travay pou rekonstwi, re-imagine epi pwoteje kominote litoral yo ki te devasté pa gwo dlo 2019 yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk envestisman nan enfrastrikti estratejik yo, epi atravè patenarya nou ak gouvènman lokal yo, nou ap n ap obsève pwojè kominotè ki enpòtan, tankou Sant Nati Sterling lan, ki rive reyalize. Pwojè sa a ki fini a se yon temwayaj de gwo eksplwa ki ka akonpli lè gouvènman eta ak lokal yo travay ansanm."

Sant Nati Sterling lan se pi gwo rezèv natirèl nan Rejyon nèt konte New York Santral la, ki gen yon espas sèvis ki enkli apeprè 600,000 rezidan yo. Li bay yon eksperyans natirèl inik, konbine ak plis pase katòz kilomèt santye ak panorama espektakilè sou lak la apati falèz ki bay vètij yo. Fonksyon sa yo fè de li yon destinasyon touristik ak plis pase 35,000 vizitè chak ane.

Lè li fini, nouvo Sant Natirèl Sterling ak Bilding Edikasyon sou Rezilyans lan ap:

- Diminye depans pou operasyon ak antretyen nan sit la lè yo itilize teknoloji vèt ak pratik dirab;
- Amelyore òf touristik yo nan rejyon an lè nou amelyore sèvis yo epi ogmante pwogramasyon ak opòtinite evènman yo; epi
- Enfòmè ak edike piblik la nan bay yon etablisman ki gen ase espas pou ekspozisyon edikatif ak pwogramasyon ki gen rapò ak enfrastrikti ekolojik, pwoteksyon bò lak, ak rezilyans klimatik.

Gwo nivo dlo rekò nan Lak Ontario yo ak evènman lapli ekstrèm yo te domaje oswa detwi santye nan zòn litoral Sterling Nature Center a. Abòde pwoblèm dlo lapli ki te deteryore santye yo epi afekte eksperyans vizitè yo nan fason ki negatif, epi pou asire gen aksè konti, yo te bay konte a 804,500 dola finansman pou yon dezyèm pwojè, ki nan konstriksyon aktyèlman.

Mezi pou diminye ris ke y ap mete anplas nan pwojè Santye Sant Nati Sterling lan yo se:

- Enfrastrikti ekolojik pou pi byen jere dlo lapli, ki gen ladan yo yon chose pèmeyab nan plas paking nan zòn pakin lan, twotwa, jaden lapli, ak marekaj;
- Ekspozisyon edikatif ak pwogramasyon ki gen rapò ak enfrastrikti vèt; ak
- Reparasyon ak dewoutaj sis kilomèt pis pou randone, ki enkli Santye Dogwood, Lakeview, Heron, Bluff, Buttonbush, ak Lake, lè li re-etabli pis ki te pèdi nan ewozyon falèz yo, enstale twotwa an planch pou konble ewozyon regilye oswa pòsyon nan pis yo ki inonde akòz ogmantasyon gwo tanpèt yo epi paye sifas santye yo pa t trete anvan yo pou diminye ewozyon tè nan zòn ki te sibi fisi akòz tanpèt ki rive pi souvan yo.

**Sekretè Eta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Achèvman pwojè Sant Nati Sterling ak Bilding Edikasyon sou Rezilyans lan nan Konte Cayuga ap ede diminye risk enpak move tan yo alavni, amelyore shoreline resiliency and enhance opòtinite lwazi ak touristik yo avèk santye ak panorama espektakilè sou lak yo, pandan n ap fè pwomosyon edikasyon sou anviwònman nan rejyon an. Felisitasyon pou REDI dèske li pwoteje gran basen Lak Ontario a."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Eta New York kontinye ap fè investisman estratejik pou ede kominote yo prepare pi byen pou enpak potansyèl chanjman klima nou an, tankou gwo tanpèt ki rive pi souvan, pandan l ap diminye emisyon gaz efè sèr ki kontribye nan chanjman klimatik la. Nouvo Bilding Sant Nati Sterling ak Edikasyon sou Rezilyans lan ap ede edike Nouyòkè yo, lè li bay edikasyon sou anviwònman pou ede konekte moun ak lanati, enspire pwochèn jenerasyon jesyonè anviwònman yo, epi devlope konsyantizasyon piblik la sou chanjman klimatik ak enpak li."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Travay ki te kòmanse an 2019 nan Konte Cayuga a, yon kote mwen vizite

souvan antanke Prezidan REDI, pote fui nan fason ekstraòdinè. Travay ki fèt pou restore epi amelyore Imèb Sant Nati Sterling ak Edikasyon sou Rezilyans ak anviwon li ap bay yon egzantp sou rezilyans ak kolaborasyon ant patnè eta ak patnè lokal REDI yo nan Konte Cayuga. Depi nan kòmansman, pwojè sa te konsène fason pou fè touris, devlopman ekonomik, edikasyon ak rezilyans pwogrese e mwen kontan dèske li reyisi tout aspè yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare,** "Atravè inisyativ REDI a, Eta New York kontinye ap ede kominote ki gen chans pou inonde bò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo pou rekonstui epi pwoteje enfrastrikti ki enpòtan yo kont nivo dlo ki wo alavni ke chanjman klimatik la lakoz. Bilding Sant Nati Sterling ak Edikasyon sou Rezilyans lan pa sèlman atenn objektif REDI ki enpòtan Gouvènè Hochul yo men li ajoute benefis pou fè pwomosyon lwazi ak edikasyon sou anviwònman nan rejyon ki divèsifye sou plan ekolojik sa nan eta a".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a Hope Knight, te deklare,** "Sezon prentan fèt tout moun kontan pou pase tan deyò, alò se moman ki pafè pou revele Sant Nati Sterling lan. Gouvènè Hochul fèk konplete pwojè REDI a, ki sitiye nan Konte Cayuga, k ap jwe yon wòl vital pou edike jèn jesyonè anviwònman demen yo, pandan l ap atire vizitè tou pou apresye nouvo biwo obsèvasyon ak ekspozisyon ki bay enfòmasyon yo."

**Prezidan Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), Charlie Williams, te deklare** "DASNY fyè pou li sipòte vizyon Gouvènè Hochul pou sekirize kominote yo epi pwoteje resous edikatif enpòtan tankou Sant Nati Sterling lan ak Bilding Edikasyon sou Rezilyans lan. Envestisman pwogram REDI sa, ak travay ki fèt la, ap ede soutni misyon natirèl, istorik ak kiltirèl etablisman sa pou Nouyòkè yo pandan lontan alavni".

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Pwojè Bilding Edikasyon sou Rezilyans, Sant Natirèl Sterling enpresyonan. Li bay yon ekselan opòtinite pou edike moun sou pwoteksyon anviwònman ak prezèvasyon bò rivaj la. Lè nou kreye yon sant pou aprantisaj sou sijè ki vital sa yo, nou ka ogmante konsyantizasyon sou anviwònman epi atire plis vizitè, k ap ranfòse ekonomi lokal la. Felisitasyon a Sant Nati Sterling pou pwojè pasyonan sa. Mwen pa ka tann pou wè kontribisyon li nan rejyon an."

**Lidè Minorite Asanble a, William Barclay, te deklare,** "Sa bon pou wè pwojè Rezilyans Sant Nati Sterling rive boukle. Sa se yon pwojè ki pote transfòmasyon pou rejyon an ak yon investisman ki enpòtan pou eta a. Mwen pa ka tann pou wè benefis inisyativ sa ap genyen sou rivaj ki afekte yo ak devlopman ekonomik pou zòn nan. Mwen felisite tout moun ki enplike pou travay di yo pou reyalize efò sa. Efò sa ap kontribye anpil nan pwoteksyon resous natirèl nou."

**Prezidan Konte Cayuga, Aileen McNabb-Coleman te deklare,** "Pwojè sa se yon investisman pratik nan touris ak ekonomi ble Lak Ontario. L ap bay yon retou sou investisman pou Konte Cayuga ak pou rejyon an. Se yon selebrasyon ak yon

angajman pou konsève epi prezève Sant Nati Sterling lan, 567 ekta teren piblik li yo, panorama sou rivaj ak falèz natirèl Lak Ontario yo.”

**Sipèvizè Vil Sterling, Andrew Joyce, te deklare,** "Li pasyonan anpil pou wè pwojè Sant Nati Sterling, REDI a fini. Ala yon opòtinite ki ekselan pou kominote nou an ak vizitè nan rejyon an ka aprann, eksplòre, epi pran plezi nan fonksyon natirèl ki pi ekselan Sterling yo. Pwojè sa se yon bon egzanp de Pwogram REDI a ak angajman Eta New York pou ranfòse bò rivaj nou yo ak devlopman ekonomik. Sa ki pi enpòtan, sa montre fyète ak devouman volontè ki bay tout tan yo pou prezève Sant Nati Sterling lan."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola pou benefisye kominote yo epi amelyore rezistans nan rejyon sou tout Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo ankou, ki enkli 26 pwojè ki nan faz konsepsyon, 23 pwojè nan faz konstriksyon, ak 85 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)